# Проект
# «Нохчийн мотт а, цуьнан культура а ларъяр – нохчийн къам лардар».

**Х1оттийнарг:**
**Муниципальни бюджетни школал хьалхара дешаран учреждени «Гуьмсан муниципальни к1оштан Гуьмсе г1алан «Берийн беш №4 «Беркат» берийн бешара кхетош - кхиорхо Абдуллаева Мадина Авадыевна.**



Нохчийн мотт ца хилча, къоман г1иллакхаш, культурин башхаллаш 1алашъялур яц.

Кадыров Рамзан А.

# Боцца чулацам (аннотация)

Нохчийн йоза – иза деккъа йоза – дешар хилла ца 1а. Ненан мотт – и г1иллакх ду, культура ю, тезет лелор, зуда ялор – йигар ду, илли, литература, ловзар, синкъерам бу, халкъан юьхь, куьзга, хат1- амал ю. Х1окху т1аьхьарчу хенахь вай мелла а херделла аьлча санна хетта вайн г1иллакхех. Нохчийн маттахь хаза вистхила а, денош дагар дан а, байташ еша а ца хууш, къоман туьйранаш, шира дийцарш, берийн ловзарш ца девзаш муха хир ву жима къонах, ишшта йо1 а?

Уггар хьалха берийн бошмашкахь йовзийта еза царна халкъан оьздангаллех юьзна йолу барта кхоллаpалла, ишшта шайн говзаллица, исбаьхьаллица кхочушхилла евла яздархойн говзаллаш а. Х1окху кечамна юкъаяхийтинарг нохчийн фольклор а, ткъа иштта вайн яздархойн тоьлла произведенеш а ю: дийцарш, туьйранаш, байташ, х1етал-металш, берийн ловзарш, дагардарш, эшарш.

# Маь1налла (актуальность)

Вешан дай санна, нохчий хилла диса дезаш ду вай. Вайн наноша уьншерийн оьмарера таханлерчу дийне кхаччалц кхиош хилла къонахий и раг1 вайна т1екхаьчна х1инца. И къонахий кхио беза аганан илли шен ненан маттахь олуш, дуьххьарлера туьйра нанас шен аьхначу маттахь дуьйцуш. Ненан маттал хаза а, сийлахь а х1умма дан а дац, хила йиш а яц. Мотт – иза массо х1уманан бух бу, цуьнца доьзна ду адамийн дерриге дахар: уьйраш, гергарло, хазахетар, халахетар, сий, яхь, хьекъал, кхетам.

**25-г1а апрель (оханан бутт) Нохчийн меттан Де ду аьлла д1акхайкхина ду вайн куьйгалхочо Кадыров Рамзана шен указаца.**
**Суна даггара баркалла ала луур дар и Де билгалдаьккхина волчу Россин Турпалхочунна, Нохчийн Республикан Куьйгалхочунна Кадыров Рамзанна. Дийцина ца валлал доккха маь1на долуш г1уллакх ду иза. Сан хьекъалехь и Указ арахецар вайн нохчийн маттана, историна, культурина т1е тидам бахийтар ду, нохчийн мотт кхиор, цуьнга безам кхиор ду, нохчийн халкъаца бала хилар, цуьнан хьашташ кхочушдар ду.**

# 1алашонаш (цели и задачи)

- Ненан меттан сийлалла, цуьнан исбаьхьалла йовзийтар;
- Берийн Даймахке, шайн матте болу безам лакхабаккхар, иза хаа а, 1амо а болу лаам т1еч1аг1бар;
- Ненан меттан, Даймехкан сий дар, дайн оьзда г1иллакхаш лардар х1ораннан декхар хилар довзуьйтуш, кхиорхошца кхетош-кхиоран болх д1абахьар.

# «Г1иллакх-оьздангалла»

Дуьне хаздинарг малх бу, буьйса хазйинарг седарчий, беттаса ду.
Вайн дахар хаздинарг адамийн оьздангалла, г1иллакх ду.

Г1иллакх – иза адамаша вовшашца лелочу гергарлонийн кепаш, куьцаш, дозанаш ду. Оьздангалла х1ора стеган леларехь, амалашкахь гучуяьлла ца 1аш, шен сица а, синкхетамца хила езаш ю.
Хаза г1иллакхаш ду вай: да-нана ларар, церан хьашташка хьажар, вовшашна г1о дар, гергарло лелор, хьаша ларар, т1елацар, вуо болх хилча вовшашна орцах довлар.

Г1иллакха юкъадог1уш ду: яхь, юхь, озьдангалла, сий, ларам, нийсо, бакъо, собар.

# Кечаман чулацам
(содержание проекта)

| Кечамаллийн мур (подготовительный этап) | Коьрта мур (основной этап) | Дерзоран мур (заключительный этап) |
|---|---|---|
| -1алашо х1оттор;<br>- кечаман маь1налла гайтар;<br>- оьшу литературе хьажар;<br>- гайтаран г1ирс харжар. | - кхиорхошна исбаьхьаллин литература йовзийтар;<br>- кхиорхошна суьрташ гайтар, суьртийн чулацамах лаьцна къамел дар;<br>- дайшца, наноща къамел дар;<br>- занятеш д1аяхьар;<br>- мероприятеш д1аяхьар. | Проектан таллам бар. |

1алашоне ладуг1урш (целевая аудитория)
Лакхара тоба 5-6 шо кхочуш долу бераш.

Нохчийн къоман 1ер-дахаран ламасташ довзийтар.



# «Воккханиг ларар, жимачун доладар»



**Воккхачунна некъ битар а, охьахаа меттиг ялар а, цуьнан дош лардар.**

# «Нохчийн г1иллакхех-оьздангаллех лаьцна»



# Нохчийн халкъан турпалхой бовзийтар.



# Дидактически ловзар: «Нийса а, харц а»



# Ловзар «Гали чу когаш а боьхкина вадар».



- Массанхьа девзаш, берашна дезаш, царна юккъехь д1асадаьржина а ду «Гали чу когаш а боьхкина вадар» ц1е йолу ловзар. Хьалхалерчу заманахь берашна когаш чубохка гали газанан ц1оканах деш хилла.

Гоьваьллачу нохчийн халкъан яздархочо Айдамиров Абузара аьлла ду: «Ненан мотт - иза халкъан юьхь ю, орам бу. Шен мотт ца хилча, халкъ хуьлуш дац.  ХIора нохчо, нагахь санна шен халкъ а, Даймохк а безаш велахь, шен ненан мотт Iамош а, хууш а хила веза. Iамадейша дуьненан дерриге меттанаш, амма цкъа хьалха шайн ненан мотт Iамабай, оцу маттахь яздан а, деша а Iамадай…»

Г1иллакх
долчохь
ларам хуьлу,
ларам
болчохь
нийсо хуьлу.




Нохчийн мотт – иза вайн
нохчийн культуран бух бу,
культуран уггаре коьрта
дакъа ду.

# Болх бича хилларг (ожидаемые результаты)

Даймахке безам ч1аг1ло, хьекъал, кхетам кхуьу, гондхьара дуьне довза. Берийн вовшашца юкъаметтигаш тало, барт ч1аг1ло, вовшийн накъосталла, г1о дан лаам кхоллало.

Лелийна литературни г1ирс

«Хьехархошна г1оьнна» Эдилов С.Э., газета «Берийн беш», «Нохчийн дицдан йишйоцу денош» Абдрахманова Ж.М., Джунаидов С.С., «Шира дийцарш, кицанаш, х1етал-металш» Джамалханов З.Д., Уциев А.Х., «Берийн каде ловзарш» Аслаханов С-Али., интернет-ресурсаш.


Баркалла!